



Repiblik Aviti

AKADEMI KREYÒL AYISYEN (AKA)



Enstalasyon Konsèy Akademisyen Lang Kreyòl Ayisyen, 4 desanm 2014 Mo Sikonstans Reprezantan CSPJ « Cours Supérieur du Pouvoir Judiciaire »

Otorite alawon badè,

Manm Akademi Kreyol la,

Fanm ak gason ki nan sal la,

Nan non Konsey Siperyè Pouvwa Jidisyè a ke mwen reprezante, mwen di ayibobo pou manm Akademi Kreyol la ki rive enstale.

Se yon pa anplis nan bati idantite nou kòm pèp.

Akademi an se yon satelit ki la pou gide, oryante devlopman peyi nou nan tout sans. Se yon diplis nan batay pou rive fè jistis ak "état de droit" avanse.

Jounen jodi, anpil fòmilè tankou manda yo fèt an kreyol tou.

Nou espere, gras ak Akademi Kreyol la, anvan lontan, enstriman jiridik nou yo, kòd nou yo, lwa nou yo, arete nou yo, dekrè nou yo, jijman nou yo kapab fèt an kreyol tou.

Akademi Kreyol sa a se yon zouti anplis pou fè jistis vanse nan Peyi Dayiti. Nou swete leta ak sosyete a konpran n sa.

Mèsi anpil.

Mèt Max Elibert